# АБАЙДЫҢ ТОЙЫН ПҮТКИЛ ДҮНЬЯ ТОЙЛАЙДЫ

Орта Азия мәмлекетлеринде қазақ халқының уллы шайыры ҳәм философы Абай Қунанбаевтың туўылғанының 150 жыллығын байрамлаў ушын таярлық жумыслары қызғын алып барылмақта.

Қазақстан Республикасының Өзбекстандағы елшиханасында болған баспасөз жыйналысы, мине, усы тойға таярлықтың барысына бағышланды. Баспасөз жыйналысына Қазақстан ҳәм Қырғызстанның Өзбекстандағы елшилери, сондай-ақ өзбек, қазақ, қырғыз жазыўшы-шайырлары ҳәм илимпазлары қатнасты. Олар уллы шайырдың бийбаҳа мийраслары, оның қазақ әдебиятын ҳәм мәдениятын раўажландырыўға қосқан үлкен үлеслери ҳаққында айтып берди.

Абайдың бул үлкен тойы Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң ЮНЕСКОсы тәрепинен Россия, Украина, Германия, Австрия, АҚШ, Англия, Туркия, Хиндстан ҳәм Қытай мәмлекетлеринде де өткизилиўи белгиленген.